

D+S
M
Kalkil Sajès
Lc 14,25-33
23^e dim. o. C

NF p. 327

Paroles et musique : 17 novembre 1993
Ste Marguerite d'Écosse
Ste Gertrude

**R. Sa-k kité tout byin-l, pou-l vi-n maché dèyè-m,
Sé li k-ap antré anndan Rouayòm Sièl la.**

- | | |
|---|--|
| 1. Sa-k kité papa, sa-k kité manman,
Sa-k kité madanm, pou-l poté koua-l dèyè-m,
Sa-k kité pitit, sa-k kité frè, sè,
Sa-k kité lavi-l, sé li k-ap patizan-m. | Lc 14,26-28 |
| 2. Moun ki vlé bati yon kay ki byin ro,
Fò-l chita anvan, pou-l kalkilé dépans ;
Moun ki vlé batay kont moun ki pi fò,
Fò-l chita anvan, pou-l kalkilé lapè. | Lc 14,28-32 |
| 3. Sajès la chita sou fotèy Bondié,
Sé li ki konnin ki sa-k nan kè Bondié.
Sajès la désann vi-n chita koté-n,
Fò-n chita avè-l, pou-n konn ki sa-k nan kè-l. | Sg 9,4-9
(Sg 9,10 ; 6,14 ; Ba 3,38 ; Mt 5,1 ; 13,1 ; 24,3 ;
Mal 3,3 ; Lc 2,46)
Sg 16,28 ; Si 6,36 ; 39,5 ; Ps 5,4 ; Lc 14,28-31 |
| 4. Sé Rouayòm Bondié pou-n chèché anvan,
Lapriyè pasé anvan aktivité.
Sé Rouayòm Jistis, sé Rouayòm lapè,
Sé Rouayòm Sajès k-ap réglé tout konduit. | Mt 6,31 ; Jn 6,27
Lc 10,42
Ps 85,11 |
| 5. Pou-n gin kè sansib sé pou nou fidèl,
N-ap tankou néchèl kot sièl la touché tè.
Pou-n gin asirans Bondié ap édé-n,
Sé pou-n kòmansé réglé afè Bondié. | He 2,17
Jn 1,51 ; Gn 28,12 |
| 6. Mari rét kanpé anba pié lakoua,
Kot Sajès signin Paròl la avèk san-l.
Mari rét koté-n, L-ap kondui chémin-n,
Pou-l kap ba-n kouraj pot koua-n dèyè Jézu. | Jn 19,25-27

Jn 2,1.5 ; Ac 1,14 |